# CIVIC ACTION TEAMS

## Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९०

२० I९ I२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## वैदेशिक रोजगार बोर्डसँ कोभिड - १९ के सन्दर्भमे केने खर्चके सारांश

कोभिड - १९ के कारण विदेशमे मृत्यु भेल दाह संस्कार भेल आदमीके परिवारके राहत स्वरुप वैदेशिक रोजगार बोर्डसँ आरो ५० हजार आर्थिक सहयोग उपलब्ध ।

**आरो आर्थिक सहयोगके एवज होबवला रकम**

**रु. १,८६,५०,०००**

२७३ शव सम्बन्धित देशे मे दाहसंस्कार केने आ ४७४ शव नेपाल लाईबके सम्बन्धित परिवारके जिम्मा लगाएल गेल

**शव व्यवस्थापनके लेल भेल खचरु.३१,९२,९५,०००**

**नेपाल आनलगेल शव ढुवानीके लेल भेल खचरु ४९,४०,०००**

स्रोत: https://cutt.ly/VjoUtpZ

## नेपाल अपडेट



काभ्रेके मण्डनदेउपुरमे गर्भवती तथा १ वर्षसँ निचाके नवजात शिशु भेल मायसभके कोरोना विरुद्ध प्रतिरोधात्मक क्षमता बृद्धि कर पोषण युक्त खाद्य सामाग्री वितरण करैत ।

चित्र: केशवराज पौडेल

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: १९,५२,९०३

पोजेटिभ: २,६२,२६२

उपचाररत: ५,२८९

मृत्यु : १,८८५

सन्चो भएका : २,५५,०८८




accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे वास्तविक बेरोजगार आदमी सँ बेसी चिन्हल जानलके मात्रे अवसर भेटैत छै कहादन । सब बात भितरे भितरे मिलाबैत छै कहादन ।

अईके लेल पालिकासँ बेरोजगार सूचिकरणके विवरण, श्रमिक समुहके हाजिरी विवरण, भुक्तानी प्राप्त करवला श्रमिकके नाम, प्राप्त रकम आ खर्चके विवरण सार्वजनिक कर परैत छै आ ओईके सार्वजनिक परिक्षण सेहो कराब परैत छै । पहिल प्राथमिकतामे सूचिकृत बेरोजगारके १०० दिनके रोजगारी उपलब्ध करेलाके बाद मात्रे निचाके प्राथमिकिकरणके बेरोजगारके रोजगारमे खटाब परतै । अई सम्बन्धि अनियमितता भेल भेटलापर उजुरी सेहो कर सकैछी ।

स्रोत: https://cutt.ly/1jo2edf



व्यवसायी पुर्नकर्जाके लेल हम कत सम्पर्क करु ? हमर व्यवसाय कोन वर्गमे परैत छै हम केना बुझब ?

कोभिड - १९ सँ अति प्रभावित तथा मध्यम प्रभावित व्यवसायीके अपन सेवा लव्लरहल "क", "ख", आ "ग" वर्गके बैंक तथा वित्तिय संस्थाके शाखामे पुनर्कर्जाके लेल निवेदन देब राष्ट्र बैंक सबके सूचित केने छै । पुर्नकरकर्जाके लेल अति प्रभावित १० क्षेत्र आ मध्यम प्रभावित १४ क्षेत्र योग्य हेतै । पुर्नकरकर्जाके लेल योग्य व्यवसायके विस्तृत विवरण निचाके लिंकमे देख सकै छी ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2020/12/refinance-notice.pdf



मलेसियामे काम करबला नेपाली कामदारके मृत्यु भेलापर परिवारके सदस्यके पेन्सन पाबके नियम आएल छै ?

मलेसिया सरकारके मानव संसाधन मन्त्रालय अन्तरगत स्थापित संस्था Social Security Organization (SOCSO) मे रोजगारदाताद्वारा कामदारके तलबके १.२५ प्रतिशत मासिक रुपमे योगदान करैछै । ई कार्यक्रममे १ लाख २५ हजार नेपाली कामदार आवद्ध भ्लचुकल अछि । ई कार्यक्रममे आवद्ध कामदारके कामके समय भितर मृत्यु भेलापर ओकर माँ, बाबु, घरवला/घरवालीके आजिवन आ २१ वर्ष पुरा नै केने बेटाबेटी कामदारके तलबके ९० प्रतिशत रकम मासिक रुपमे पाओत । अईमे श्रमिकके कोनो अतिरिक्त खर्च नै हेतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/VjoUtpZ



किसानके समयमे मल नै भेटल, लेकिन, सरकार अई वर्ष सबसँ बेसी धान उत्पादन भेल कहिरहल छै त ?

हँ, अई वर्ष किसानके समयमे मल नै भेटल । लेकिन, लकडाउनके कारण सँ कामदारके सहजता भेलापर वितल वर्ष सँ १ प्रतिशत बेसी क्षेत्रफलमे धान खेती भेलै । बेसी क्षेत्रफलमे रोपाई भेनाई आ उन्नत बिजसँ ९५ प्रतिशत सँ बेसी क्षेत्रफलमे भेलाके कारण सँ अई वर्ष धानके उत्पादन बढल कृषि तथा पशुपन्छी मन्त्रालयके तथ्यांकले देखाबैत छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/Vjp3yAr

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे **+2760806146** एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे **Nepal** लिख्क म्यासेज पठाउ




## COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

**३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,६३,०६१ संक्रमित | १,५१,३४३ संक्रमित | ९३,४७८ संक्रमित | १,४४,४३७ संक्रमित | २,१३,२३१ संक्रमित | १,२९,४०४ संक्रमित | १,१९,०७७ संक्रमित | ६४,२६४ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## कतारमे सेहो कोभिड - १९ विरुद्धके खोप शुरु

### साउदी अरब



- साउदी अरब वितल डिसेम्बर ३० तारिख सँ बन्द कैने अपन सब नाका (हवाई, जमिन आ सामुन्िक) खुल्ला कैने छै। लेकिन, ई संगे कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित बातसभमे किछ परिवर्तन कैने छै ।
- कोरोना भाईरसके नयाँ प्रभाव भेल देश सँ साउदी अरब आबवला यात्रुके १४ दिन अनिवार्य घरमे अलग रह परतै ।



### ओमान

ओमानमे कोरोना भाईरस विरुद्धके खोप लगाब शुरु कैने छै । ओमानके स्वास्थ्य मन्त्रालयके अनुसार अखनतक ई खोप लगाबवला केकरो भी कोनो दोसर प्रभाव नै देखाएल छै ।

### युएई



आबुधाबीमे नयाँ टोल गेट शुरु भेल छै । बहुतो जगहमे राखलगेल टोल गेट होईत आबुधाबी जायके क्रममे ४ दिरहाम शुल्क लागैत छै । लेकिन, शुक्रदिन आ शनिदिन लेकिन ई शुल्क नै लागैत छै । टोलके लेल ओई रस्ता होईत यात्रा करके लेल अपन गाडीके दर्ता कराब परैत छै । दर्ता कराबके लेल ई लिंके प्रयोग कर सकैछी: http://darb.itc.gov.ae संगे, DARB मोवाईल एप्लिकेसन डाउनलोड कलक सेहो अपन गाडीके दर्ता कर सकैछी । दर्ता शुल्क १०० दिरहाम लगैछै । अई मे सँ ५० दिरहाम टोलमे प्रयोग होईछै । ६० वर्ष सँ बेसी उमेर आ कम आम्दनी भेल अपन नागरिकके लेकिन टोलमे छुट हैतै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## सिम्ता गाउँपालिका, सुर्खेतद्वारा २०७७ आषाढ अन्त्यतक कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित आम्दनी आ खर्चके विवरण







सिम्ता गाउँपालिका, सुर्खेत सँ २०७७ आषाढ अन्त्यतक कोभिड - १९ मे केने खर्च आ आम्दनीके विवरण सार्वजनिक केने छै । गाउँपालिकासँ भेल जम्मा आम्दनी आ खर्चके सार्वजनिकिकरणके देखबै त, नागरिकके विश्वास जित केने ओकर प्रयासके सकारात्मक कह मिलत । लेकिन, खर्च शिर्षकसभ स्पष्ट नै भेला सँ लेकिन विश्लेषण केनाई कठिन देखाईत छै । बहुते जेहन खर्च स्वास्थ्य उपकरण आ दवाईमे भेल छै, जेकरा श्रोतके बढिया उपयोग मानल जासकैय । १ करोड ३४ लाख रुपैया मे सँ आषाढ मसान्त तक ७५ लाख मात्रे खर्च केने छै । तै सँ, आब आ.व. २०७७/७८ मे बाँकी पैसारके केना आ कत खर्च हेतै कहिक स्पष्ट रुपमे सार्वजनिक केनाई जरुरी छै ।

नोटः हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# वैदेशिक रोजगारीसँ सावित्रीके सर्वस्व लगेल



कोहलपुर नगरपालिका वडा नं. १२ के सावित्री महर कमे उमेरमे बौद्धिक अपांगताके कारण सुनके क्षमतामे कमी एलै । बहुत कम सुनसकलाके कारण बाहिरी समाजमे खासे नै घुलल सावित्री सामान्य लिखापढी तक कर नै सकै छथि । वैवाहिक जीवनमे बन्हेलाके बाद हुनकर जीवन कहियो पीडा त कहियो खुशीमे बितलै । जे जेहन होईतो हुनका घरवलासंगे रहैत जिन्दगीके कठिनाई सभ सामान्य जेहन लगैत छलै । दूटा बेटी पलैत छलै, आ बेटा पेटमे छलै । तहि समय वैदेशिक रोजगारीमे गेल घरवला सड्क दूर्घटनामे पैरक मृत्यु भेल खबर सुन परलै । अई सँ हुनकर जीवनमे पीडासँगे जिम्मेवारी सेहो बढा देलकै ।

तीन सन्तान पालके जिम्मेवारी आब हुनका अकेले पुरा कर परलै । कि करब आ केना करब कहिक सोचैत छलिह । मामा नातामे परबला एक कोई हुनका सेहो वैदेशिक रोजगारीमे जायके सल्लाह देलाह । आरो विकल्प नै छलै । ऊ अवैधानिक तरिका सँ भारत होईत घरेलु कामदारके रुपमे काम कर कुवेत गेलिह । बौद्धिक अपांगताके कारण कामके सिलसिलामे ऊ कतेको बेर दुर्व्यवहार भोगलिह । जेनातेना ३ वर्ष कुवेतमे काटिक स्वदेश फिर्ता भेल सावित्रीके फेर विदेश जायके मन नै छलै, लेकिन मजबुरीमे उहे मामाके सहयोग सँ दोसर बेर कुबेत जायवाली भेलिह । अई बेर हुनका १ वर्ष कुबेती साहुजीके साउदीमे रहल दिदीओत काम कर परलै ।

अई बेर अवस्था पहिले जेहन आसान नै भेलै । कतेको बेर भौतिक आ मानसिक हिंसाके शिकार त ऊ भलचुकल छलिह, ओईपर सँ लम्बा समयतक काम केलाके बादो तलब सेहो नै भेटल आ जानके सेहो असुरक्षा हेते से सोईचक ऊ नुकाछिपी ओत रहल नेपालीसभके सम्पर्कमे आब लगलिह । हुनका अपने जेहन गैरकानुनी तरिकासँ रहिरहल नेपालीके भेटलिह आ ओत सँ दोसरे जगह चैल गेलिह । किछ समय नुकाल्क काम करहल ऊ ओत अवस्थित नेपाली दुतावासके सहयोगमे नेपाल फिर्ता आब सफल भेलिह ।

नेपाल फिर्ता एलाके बाद आर्थिक समस्या भोग पड्त से हुनका बढिया सँ बुझल छलै । लेकिन, अई बेर ऊ वैदेशिक रोजगारीमे नै जायके प्रण केने छलिह । किया कि वैदेशिक रोजगारी हुनकर सर्वस्व लुईट लेलकै । अखन ऊ गाममे जत काम भेटत, ओतै जाल्क काम करैत छथि । स्थानीय सरकार बेरोजगारके रोजगारी देबके कार्यक्रम केकरा लेल छै, हुनका नै बुझल छै । आब योजना कहके मतलब कमे पैसा बचेनाई आ रस्तामे ठेला राखिक म:म चाउमिन बेचनाई रहल छै ।

सही सूचना

# नेपालमे १०० सँ बेसी कोभिड - १९ सँ संक्रमित भेल जिलासभ




उपरके रेखाचित्रमे १०० कोई सँ बेसी कोभिड - १९ के संक्रमित भेल जिलासभके देखाएल गेल छै । अखन जम्मा ९ जिलामे १०० कोई सँ बेसी कोभिड - १९ के संक्रमितसभ रहल छै । संख्याके हिसाब सँ काठमाण्डौ जिलामे मात्रे आरो जिलाके समग्र संक्रमितके संख्यासँ बेसी रहल छै । अखनके अवस्थामे देखबै त, नेपालमे कोभिड - १९ के संक्रमितके संख्या तुलनात्मक रुपमे किछ कम देखाईत छै । यद्यपी, काठमाण्डौमे लेकिन लम्बा समय सँ संक्रमितके संख्या उच्च रहैत एला सँ, जोखिमके दोसर चरणमे प्रवेश करतै कि से डर अखनो बाँकी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219